



Pou Piblikasyon Imedya: 02/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PISIN PAK ETA YO AP OUVRI WIKENN 4 JIYÈ A

Li raple kliyan yo pou yo pratike distans sosyal ak respekte règleman yo

Lapolis Pak Eta a ak pèsònèl pou operasyon yo ap fè patwouy nan teren yo pou asire sekirite piblik

Mezi pou restriksyon ak sekirite yo konfòm ak [Direktiv](#) pwovivwa Depatman Sante Eta New York la pou pisin ak teren aspèsyon akwatik rekreyatif yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse pisin eta a ki deyò yo nan tout New York pral ouvri pou natasyon nan wikenn 4 jiyè a anba nòm ki reji orè pou biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) la. Yo raple moun ki pral nan pisin yo pou yo pratike distans sosyal, respekte règleman yo, ak fè pati pa yo a pou kenbe zòn pisin yo an sekirite pou tout moun. Kapasite pisin yo pral redwi epi nou atann yo pral ranpli rapidman. Nou ankouraje Nouyòkè yo pou planifye davans nan mete destinasyon altènatif prè.

"Kòm nou ap prepare pou selebre Kat Jiyè a, nou dwe sonje tout sakrifis Nouyòkè yo te fè pou aplati koub pandemi an epi se pou nou pridan nan tout sa nou ap fè", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Viris sa a pa pran konje, epi se konsa mwen ankouraje Nouyòkè yo ki ap vizite pisin yo pou yo swiv tout enstriksyon pou distans sosyal yo ki an vigè pou pwoteje tèt yo ak chak lòt moun. Lè ou pa nan yon pisin, pote yon mask si ou pa kapab kenbe distans sosyal. Sa ki esansyèl la se pou nou vijilan ak rete an sekirite pandan nou ap pwofite kèk moman deyò."

Lapolis pak Eta a ak pèsònèl operasyonèl la pral ede jere kapasite pou asire konfòmite ak mezi pou distans sosyal ak kontwòl foul yo.

Enstriksyon pou distans sosyal sa yo an vigè pou pwoteje sante piblik:

- Yo pral mande vizitè yo anrejistre avèk enfòmasyon kontak pou pèmèt mezi pou retrase kontak potansyèl yo.
- Kapasite pisin lan pral limite ak 50 pousan pou ede kenbe distans 6 pye nan dlo a ant najè yo ki pa manm menm inite kay oswa fanmi an.
- Yo pral kenbe 10 pye youn ak lòt ant chèz long yo, ban yo ak tab pisin yo.

- Yo dwe pote kouvèti pou figi oswa mask yo dwe tout tan nan espas bilding enteryè yo, gen ladan zòn deyò ki pasyèlman fèmen oswa kouvri yo; epi pafwa deyò (sof nan pisin) si distans sosyal pa kapab oswa pa gen chans kenbe.
- Yo pa pral otorize okenn rasanbleman gwoup 10 moun oswa plis.

Disponibilite pisin yo varye selon pak yo. Vizitè yo kapab verifye lè operasyon pisin pak la avan yo vizite. Ou kapab jwenn yon lis pak Eta a ki gen pisin yo [isit la](#).

Yo pral netwaye etablisman twalèt yo dapre pwotokòl ak direktiv yo etabli epi pak pèsònèl yo pral ede jere sikilasyon lè a jan sa nesèsè pou atenn objektif kapasite redwi yo ak minimize dansite yo. Yo pral netwaye twalèt ak douch yo ak lòt zòn komen yo, epi yo pral dezenfekte yo nan itilize pwodwi netwayaj amelyore ki apwouve yo.

Pak Eta New York yo pral revize operasyon yo wikenn lan epi fè nenpòt ajisteman nesèsè pou kenbe piblik la ak pèsònèl pak an sekirite.

Konnen Avan Ou Ale

Yo konseye vivman Nouyòkè yo pou planifye vizit nan pisin ak avanti deyò yo davans epi chwazi destinasyon altènativ si premye chwa yo a fèmen oswa ankonbre. Verifye parks.ny.gov ak 511NY pou alèt sou fèmti kapasite pak yo.

Aplikasyon Parks Explorer (Eksploratè Pak) Eta New York la se yon resous gratis, ki fasil pou itilize pou vizitè ka planifye avanti deyò yo pandan yo ap rete konekte ak pak ak sit prefere depi lontan yo a. Itilizatè yo kapab aprann plis sou prensipal destinasyon yo epi dekouvri nouvo pozisyon moun dwe wè avèk kontni òganize ki an wotasyon, epi yo pral pwofite aksè rapid sou enfòmasyon pak yo, gen ladan direksyon yo, lè yo, enstalasyon yo, frè ak tarif yo, kat santye yo, detay sou konnen avan ou ale ki itil yo, ak kapasite pou resevwa mizajou ak alèt enpòtan yo.

Vizitè yo kapab fè lyen tou dirèkteman ak rezèvasyon pou kanping anliy yo epi aksede fasilman ak chanèl medya sosyal Pak Eta yo pou pataje ekperyans yo a. Aplikasyon mobil Parks Explorer Eta New York la ap disponib san peye pou telechaje pou aparèy iOS ak Android. Pou telechaje, vizite:

<https://play.google.com/store/apps/details?id=gov.ny.its.nysparks> oswa <https://apps.apple.com/us/app/ny-state-parks-explorer/id1496803341>

Pou enfòmasyon sou vizite Pak Eta New York pandan kriz sante piblik la, vizite: <https://parks.ny.gov/covid19>

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)